

1. O Bondye ki vivan',
 Ki kreye tout linivè,
 Depi toutan, sa byen klè,
 Non ou se Jewova.
 O Dye, nou se pèp ou,
 Pou nou se yon gwo onè.
 Nan tout peyi sou latè,
 N'ap fè konn jan'w gen glwa.

(REFREN)

*Jewova, Jewova,
 Pa gen Dye ki tankou'w.
 Ni nan syèl la, ni sou tè a,
 Menm youn nou pap ka jwenn.
 Se ou menm sèl ki Toupisan,
 Se ou tout moun dwe krenn.
 Jewova, Jewova,
 Sèl Dye n'ap adore se ou.*

2. Ou fè nou vin tounen
 Tout sa ki fè ou plezi,
 Konsa, se ou n'obeyi.
 Non ou se Jewova.
 Se pou ou n'ap preche,
 Mèsi paske'w fè'n konfyans.
 Ou ban'n anpil enpòtans:
 Ou ban'n pot non'w, Papa.

(Refren)